# Бир суткада 10 мың қәдем жүрген пуқараларға пул төленеди – президент пәрманы

**«Саламат турмыс тәризин турмысқа кеңнен енгизиў ҳәм ғалаба спортты буннан былайда раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында»ғы президент пәрманы қабыл етилди, деп хабар бермекте kun.uz сайты**

**Пәрман тийкарында «Саламат турмыс тәризи»** (www.1hls.uz) платформасы ислеп шығылады.

Бунда:

- Өзбекстан аймағында бир суутка даўамында **он мың ҳәм оннан зыят қәдем жүрген** 18 ҳәм оннан жоқары жастағы Өзбекстан Республикасы пуқарасының платформадағы электрон есап бетине **3 мың сумнан**;
- Ҳәр айда ҳәр бир район (қала) бойынша ең көп жүрген шахсқа **300 мың сумнан**, ҳәр бир аймақ бойынша ең көп жүрген шахсқа **500 мың сум**, республика бойынша ең көп жүрген шахсқа **1 млн сум** қосымша түрде платформадағы электрон есап бетине өткериледи.

«Саламат турмыс тәризи» платформасы **2021-жылдың 1-март сәнесине** шекем ислеп шығылады.

Ғалаба спортты раўажландырыў ҳәм саламат турмыс тәризин үгит-нәсиятлаўда **жүриў, жуўырыў, мини-футбол, велосипед, бадминтон, стритбол, «Workout**» (мәҳәлле ҳәм көше фитнеси) спорттың әҳмийетли түрлери етип белгиленеди:

- Бул спорт түрлерин ғалабаластырыў ҳәм раўажландырыў бағдарламаларын әмелге асырыў ушын Мәмлекетлик бюджеттен 2021-жылдан баслап бағдарламалар толық орынланғанға шекем ҳәр **жылы 104 млрд сумнан ажыратылады.**

- Физикалық имканияты шекленген ҳәм майыплығы болған шахсларды денетәрбия ҳәм спорт пенен шуғылланыўға тартыўға қаратылған бағдарламаларды қаржыландырыў ушын Мәмлекетлик бюджеттен 2021-жылдан баслап бағдарламалар толық орынланғанға шекем ҳәр жылы **10 млрд сумнан** қаржы ажыратылады.